

Transpò Medicaid pou Vaksinyon COVID-19



Èske ou bezwen woulib pou pran yon vaksen COVID-19?


Èske ou gen Medicaid? Si se wi, nou kapab ede ou!

Florida Medicaid ap mennen ou al pran vaksen kont COVID-19 la gratis. Sèlman sa ou gen pou fè se fikse yon lè pou pran vaksen ou an. Apre sa, fè plan Medicaid ou an konnen ou bezwen yon woulib epi y ap okipe rès la. Si ou pa enskri nan yon plan, rele **rele liy asistans Medicaid la nan 1-877-254-1055** pou konnen non ak nimewo telefòn pou yon sèvis transpò.



Planifye vaksen ou an.

- Pran yon randevou pou vaksen ou an. Mete randevou sa a plizyè jou alavans.
- Si ou gen nenpòt bezwen espesyal (sètadi ou itilize yon chèz woulant), di sèvis transpò a sa lè w ap planifye transpò ou an.
- Si ou konnen kilè ak ki kote ou pral resevwa dezyèm dòz la, pataje sa avèk founisè transpò a epi y ap planifye pwochen vwayaj ou an.
- **Moun ki kalifye pou resevwa vaksen an ka ale sou myvaccine.fl.gov/ht pou jwenn yon kote ki bay vaksen an epi pou yo pran yon randevou.**



Swiv etap sa yo pou planifye kous ou an.

1. Si ou nan yon plan sante, rele founisè plan ou an pou jwenn non ak nimewo telefòn pou sèvis transpò ou an.
2. Si ou pa nan yon plan sante, rele nan 1-877-254-1055. Yo pral konekte ou avèk yon sèvis transpò.
3. Planifye transpò ou an omwen twa jou ouvab anvan randevou ou an.
4. Bay sèvis transpò a enfòmasyon ki annapre la yo:
 - Non konplè
 - Nimewo Idantifikasyon Medicaid
 - Adrès (kote pou yo vin pran ak depoze ou)
 - Dat nesans
 - Non plan sante (si ou enskri nan yon plan)
 - Dat ak lè randevou a
 - Nimewo telefòn



Sonje Sa.

- Founisè transpò a gen dwa poze kesyon pou asire yo voye yon veyikil ki reponn ak bezwen ou yo.
- Ou ka fè yon moun vwayaje avèk ou si sa nesèsè sou plan medikal.
- Asire ou rele sèvis transpò a si randevou ou an anile oswa si li chanje pou yon lòt lè.

